Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 43 (7594)
21 сентябрь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Собраниялъул данделъи



Араб анкьалда данделъун букIана районалъул депутатазул Собраниялъул микьабилеб нухалъ ахIараб заседание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ. ГIабдухаликъов, Ж. Шамсудинов, хъаравуллъиялъулгун хIисаб-суалалъул палатаялъул пред. ГI. Насрудинов, лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадов ва цогидал.

Заседаниялда ХЪ-М ГIабдулхаликъовас бицана муниципалиял гIуцIабазул жидеего бокьун рагъулаб хъулухъ гьабизе унезул батальон гIуцIулеб бугин «Каспий» абун цIарги тун. - Гьелъул нухмалъи букIине буго Дагъистаналъул ракьалда. ЧIезе бакI, квен, ретIел-тIех чIезебула РДялъул Правительствалъ, гIарцулаб хьезаби контрактниказе чIезабула РФялъул Оборонаялъул Министерствалъ. Жидеего бокьун гъорлъе лъугьунел «Каспий» батальоналде росула 64 сонил гIумроялде щвезегIан.

Депутатазул Собраниялъул «Унсоколо район» МОялъул муниципалияб гIуцIиялъул хIукмуялъул проект цIалана Собраниялъул пред. М. Юсуповас.

Гьединго юридикиял лицабазе, индувидуалиял предпринимателазе казенниял учреждениязе субсидиял кьеялда хурхун бицана бетIерасул зам. Ж. Шамсудиновас. Гьенибго бихьизабуна субсидиял кьезе ругин бича-хисиялъул х1алтIи гьабиялъе шартIал чIезариялъе, халкъияб творчество, художество цIуниялъе, гьеб цIи гьабиялъе, халкъиял промыслаби цере тIезариялъе,- абун.

Лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна тIахьазул захIмалъи бахъиялъе кколелъубе заявка кьун бугин.

Собраниялъул заседаниялъул ахиралда депутатаз запросал кьуна жиндир заманаялда бакIаздаса мусор баччиялда хурхун. Гьенибго ЦIатIанихъ-Колоб росабалъе нухал къачIаялъул, Балахьуни росулъ речIчIухъабазул залалъе ва Генуб спортивияб залалъеги капиталияб ремонт гьабиялъул х1алт1аби гьаризе ругинги бихьизабуна.

Аппаратальул данделъи

## Щивас хIисаб кьуна



I9 сентябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб аппаратальул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул учреждениял-организациязул нухмалъулел. Данделъиялда бетIер гIенеккана щивасул кIалъаязухъ,гьез бицана унел ругел хIалтIабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Данделъиялда гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовас. -ГьабсагIаталда унеб буго хер беци, хъутабазда бецун гIархъазда лъуна I 500 тонна харил, районалдаго бецана 8 500 тонна. Гьал къоязда бакIаризе байбихьизе буго пула. Гьелъул бекьун буго I00 га, ракIалда буго гектаралдаса 500 ц. бач1ин бак1аризе- ян бихьизабуна гьес.

Налогал ракIариялда хурхун бугеб хIалалъул бицана экономикаялъул отделалъул специалист Д. МухIамадовас. Гьесул рагIабазда рекъон гIаммаб къадаралда бакIарулеб налогалъул план 90% тIубан буго.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна траспорталъул налогазул бакIари лъикIаб гьечIин, гьеб хехго бак1арун рагIалде бахъинабизе тIад кьана налогалъулазда.

Гьенибго школазда ругел захIмалъабазул бицана М. МухIамадовас.

ГIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. З. АхIмадовас тIадчIей гьабула туристазе чIезарун ругел шартIазда, бицана (с.т.гI.в.) Аварагазул реликвиял рачIиналде гьабулеб хIалтIулги.

БетIерасул зам. ХЪ. ГIабдулхаликъовас чIван къотIараб информация кьуна районалда хIалтIизарулел программабазда хурхун. «БакIалъулаб хIаракатчилъи» проекталда рекъон ункъго бакIалда хIалтIаби унел руго-ян бихьизабуна гьес. -Муниципалитеталъул росабалъ гьарулел руго нухал, къачIалел руго школал, киса-кирего хIалхьи гьабиялъул бакIазда гьарулел руго ремонтал. ЦIикIкIарал хIалтIаби гьарулел руго Шамильхъала поселокалъул гьумер хисизабиялъе, -ян бихьизабуна гьес. Гьенибго гIемерлъимал ругел ва дагьго хьезарурал хъизаназе гьабулеб кумекалъул бицана КДНалъул жавабияй секретарь П. МухIамадовалъ.

Киназухъго гIенеккун ГI. НурмухIамадовас щивасе тIадкъаял кьуна хадурккун кIвар кьезе кколел рахъазда хурхун.

Лъай кьей

## Аслиял суалалгун



**Шамильхъалаялъул школалда вачIун вукIана РДялъул лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министр Я. Бучаев. Гьевгун цадахъ ячIун йикIана Е. Павленко.**

Я.Бучаев дандчIвана муниципалитеталъул администрациялъул вакилзабигун, эбел-эменгун, цIалдохъабигун, ай школалъул мина жагъаллъун букIиналдалъун цIали нахъбахъиялъ рахIат хваралгун. Хал гьабуна минаялъул бугеб хIалалъул, чIезабуна 20 классалъул лъималазе жанир рукIине хIинкъи бугин.

I8 сентябралдаса нахъе цIали байбихьизе буго кIиго сменаялда хIалтIулеб куцалъ,-ян лъазабуна министрас. ЦIияб школа баялъул суал хехаб къагIидаялъ цойиде ккезабилинги бихьизабуна ведомствалъул нухмалъулес.

## БАЙРАМАЛДА ХУРХУН



14 сентябралда к1удияб ч1аголъи бук1ана районалъул Балахьуни росдал гьоркьохъеб, г1аммаб лъай кьеялъул школалда. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун т1обит1улеб тадбир рагьана ва махщалида нухда бачана школалъул к1удияй пионер вожатая Халисат Мух1амадовалъ. Щибаб классалъул миллияб рет1ел рет1арал ц1алдохъабаз бицана республикалъул г1емермиллатазулаб халкъазул тарихалъул, культураялъулгун рук1а-рахъиналъул х1акъалъулъ, лъималаз х1адур гьабун бугоан миллияб квен-т1ехги. Тадбир берцин гьабун бук1ана миллияб рет1елги рет1ун рач1арал муг1алимзабаз. Дагъистаналъул киналго мац1азда ц1алана куч1дул, г1енеккаразе хасго бокьана даргиязул мац1алда ц1алараб кеч1. Ц1алдохъабазул церерахъиназе къимат кьезе г1уц1араб жюриялъ т1оцебесеб бак1 5 «а»(кларсрук Х1.Мусаева), к1иабилеб бак1 7 «а»(Г1.Х1асанх1усенова) ва лъабабилеб бак1 9 «а»(З.Мух1амадова) классазе кьуна. Гьединго ц1алдохъабаз къокъал сценкабазул кумекалдалъун рихьизаруна Дагъистаналъул халкъазул г1адатал.

Тадбир балагьаразе пайдаяб куцалда ана.

**МУХIАМАД ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 43 (7594)
21 сентябрь Хамиз
2023 сон

2 гьумер

Москваялда М.И. Рудоминол цIаралда бугеб библиотекаялда тотальнияб диктант гьабуна авар мацIалда. Гьеб гьабуна Дагъистаналъул Поспредствалъ «Дир Дагъистан» абураб асаралъул рамкаялда жаниб. Диктанталъе цIар кьун букIана «Нилъер Расул»,- абун.

Авар мацIалда диктант хъвана Москваялда гIумро гьабулез ва гьалбадерица, учительницалъи гьабуна «Дагъистаналъул мустахIикъай учительница», авар мацIалъул преподаватель П. ХIамзатовалъ.



# Музеяз бицуна халкъазул гIумроялъул

(«Аралда туманкI речIчIани, бачIунелъ нилъеда гIарада речIчIула»)

Р. ХIамзатов

**Жакъа гIадаб гIумро гьабиялъул кинабго къиматабщиналъул къимат хвараб заманаялда жавабчилъиялда хIалтIулел бакIазда ва гьенир хIалтIулез, нахъа ккезе бегьулеб ахIвал-хIал хIисабалдеги босун, кIвар буссинабизе ккола нилъерго миллатазул мацIал, чиясе кьолел цIарал, гIумро гьабиялъул къагIидаби, рукIа-рахъиналъул хаслъаби цIуниялде. Гурони гIодоблъиялъул ралъдалъ чабхил иццул тIокIкIен гIадин билизе рес буго миллатазул хаслъаби, ай нилъголъи. Аварлъи нилъеца хадусеб гIелалъе цIуничIони, гьеб тIагIиналде щибго щаклъи гьечIо. Щай абуни ракьалдаса тIагIине рес бугел 28 мацIалда гьоркьоб буго авар мацIги.**



ГIицIго мацI гуреб кинабго аварлъи цIуниялъе нилъерго наслуялъул напсалъулъ босизабизе ккола ВатIаналъул кинабго къиматабщинаб. Гурони кьалбаз ккевчIеб гьветI гIадин туризе рес буго миллаталъун къадру, хутIизе бегьула рухIияб рахъалъ жагьалаллъун. ГIадада гурелъул абулеб «Кьалбаз ккола гьветI»,-абун.

Гьебги рекIелъ къан гьал къоязда дун щвана Унсоколо росулъ бугеб районалъул музеялде. Лъабкъоялда анцIабилеб соназда районалда гIуцIун букIана «Дагъистаналъул рагъул ва захIматалъул Реццалъул» М. Дахадаевасул цIаралда бугеб музей. Гьеб букIана Унсоколо М. Дахадаевасул вацIгIал КъебедхIажиясул минаялъуб. БакIал бетIергьабазухъе кьун хадуб араб бакI лъачIого



тIагIана гьениса гIемерисел экспонатал.

1997 соналда культураялъул халкъияб театралъул режиссерлъун хIалтIизе ячIарай ХIалимат МухIамадовалда бихьана районалъул музеялъул бугеб хIал. Жиндаго тIаде кколареб хIалтIи бугониги районалда хурхарабщинаб жал-экспонатал ракIарула гьелъ бугезул рокъое ун, гьез баралъуе яккун. Гьедин цебе бакIарарабги малъун, I000 ялдаса цIикIкIараб экспонат гIун буго гьанже



музеялда. Цебе экспонатал ХIалиматица данде гьарун рукIана рукIа-рахъиналъул комбинаталъул минаялъуб. Гьанже гьелъие рес щвана росдал майданалда, Администрациялъул минаялъул тIоцебесеб этажалда гьеб лъезе.

Музеялде рачIаразул ракIазе асар гьабичIого хутIуларо гьенир ругел районалдаса рахъарал имамазул, цогидалги церехъабазул бокIнал рихьараб мехалъ. Гьале Имам ГъазимухIамадил, Шамилил, революционер М. Дахадаевасул, лирикияв поэт ХъахIабросулъа Мах1мудил бокIнал. Гьезулъ аслияб бакI ккун буго церехъабазда хурхарал материалаз, тарихалъ, рукъалъул къайиялъ, гьезул тIагIелаз.



Масала, МахIач Дахадаевасул букIоналда буго гIагарлъиялъ гьесул рокъор рукIанин цIунарал жал, гьесул хIакъалъулъ литература. Унго-унголъунги рекIее асар гьабичIого хутIуларо умумаз жидецаго хIадурарал тIагIалаби рихьараб мехалъ. Масала, гьале рицщатал гьутIбузул хIухьдул жаниса рахъун, руцIун ханжу яги цогидаб цIунизе гьарурал гьодрал. Гьел гьарун руго гIакьилго; кIиго см. гIеблъи тун, буцIун буго хIехь жаниса, тIиноги буцIичIого тун, жанибе цIоросаролъил ханжу яги цогидаб цIунулеб санагIатал тIагIелал лъугьун ругоан гьезул. Гьединаб тIагIалида жаниб ханжу басралъуларо, цIунула чанго соналъ.

Умумазул рукIа-рахъиналъул пикраби гьаризе нилъ тIамулел гIемерал тIагIелал-экспонатал руго жакъа музеялда. Буго доб заманаялъул ретIел, рукIа-рахъиналъул тIагIелал, цогидабги рукъалъул къайи. Киналго экспонатал лъун руго классификациялда рекъон. Гьале жаниб цIа бакун бугин кколеб печь, гьелъухъ гIодор чIезе бакI ва гь. ц. Амма щибаб букIоналда магIаруласул рукъ гьабизе къваридго бугоан гьениб. БакI бугебани щибаб букIон гIатIид гьабун ва аваразул гIумроялъул рахъалъ гIатIидго лъазе бокьаразе рес кьезе бегьулаан музеялда. Гьанже туристалги рачIунел ругоан гьенире.

РекIелъ хинаб асар рештIинчIого хутIуларо музей данде бакIарарай ХIалимат МухIамадовалъул жигаралъ ва «магIарул яхIги-махIги цIунизе» гьелъул бугеб бажариялъ. ГIицIго унго-унголъунги жиндирго ВатIаналъул свери бокьулез гьабула гьединаб хIалтIи. Кьоло анлъго соналъ чIахIиял ва киналъухъго жавабчилъиялда балагьулел гIадамазухъе щун, цIех-рехал гьарун, бакIарана гьелъ музеялъе бакIалъулал гIадамазул гIумро бихьизабулел экспонатал. Гьедин гьабула унго-унголъунги жиндирго халкъги, мацIги, цIарги цIунулел ва гьеб бокьулел гIадамаз. Гьеб рахъалъ цогидал росабазул гIадамазеги мисал бихьизабулеб



буго ХI. МухIамадовалъ ва адабиятгун маданият цI1униялъулъ бихьизабулеб мисалалъухъ лъикIаб къимат кьеялъе мустахIикъай йиго гьей.

Бихьаралъ магIарулазул гIумроялъул, чиясул ресазул, ВатIаналде рокьиялъул пикрабазулъе ккарай дида ракIалде бачIана гьитIинго цIалараб маргьо. «Цо бечедав магIарулас гIорул рагIалдаса ккун рокъобеги бачун, меседил рамкаялъуб тIамун хьихьулаан хIинчI. ХIажатабщинаб цебе лъун бугониги пашманал макънал рачунеб хIанчIил бакъаназулъ бетIергьанасе загьирлъула «ВатIан, ВатIан»,-ян ахIулеб магIна. КигIан лъикIаб ВатIангIаги хIанчIил бугеб гьадин хьихьаниги рази гьечIого букIине,-ян магIарулас хIинчI ккураб бакIалдеги бачун биччан тола. Гьеб абуни гIурул рагIаллъиялда бугеб, тIогьиса гIаркьалаби лъадалъ ччулеб, гьарцIидул хьархъида рештIуна ва сверухълъи цIола хIанчIил



хIасратал бакъназ.

Гьедин гIицIго ВатIаналда вукIуна инсанги талихIавлъун. Гьелъин нилъеда тIадаблъун бугеб ВатIан кколебщинаб кквезеги цIунизеги.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Республика Дагестан Унцукульский район**
**Собрание депутатов муниципального района**
**368950, Республика Дагестан, Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie**

## РЕШЕНИЕ

Об утверждении Порядка осуществления внешней проверки, представления, рассмотрения и утверждения годового отчета об исполнении бюджета МО «Унцукульский район»

Принято Собранием депутатов **15 июня 2023года №59**

В соответствии абзацем 3 пункта 2 статьи 264.4 Бюджетного кодекса Российской Федерации, статьей 52 Федерального закона от 06 октября 2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федеральным законом от 07 февраля 2011 года № 6-ФЗ «Об общих принципах организации и деятельности контрольно-счетных органов субъектов Российской Федерации и муниципальных образований», Федеральным законом от 01 июля 2021г. №255-ФЗ «О внесении изменений в федеральный закон «Об общих принципах организации и деятельности контрольно-счетных органов субъектов Российской Федерации и муниципальных образований» и отдельные законодательные акты Российской Федерации», Уставом муниципального образования «Унцукульский район»Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

РЕШАЕТ:

1.Утвердить Порядок осуществления внешней проверки, представления, рассмотрения и утверждения годового отчета об исполнении бюджета муниципального образования «Унцукульский район» согласно приложению к настоящему решению.

2.Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район».

3.Настоящее решение вступает в силу со дня официального опубликования.

**Председатель Собрания ____________М.Б.Юсупов**

**Глава муниципального района ____________И.М.Нурмагомедов**

## РЕШЕНИЕ

Об утверждении Порядка отнесения земель к землям особо охраняемых территорий местного значения, их использования и охраны

Принято Собранием депутатов

**15 июня 2023 года**

В соответствии с пунктом 4 статьи 94 Земельного кодекса Российской Федерации, статьями 14 и 15 Федерального закона от 06 октября 2003 г. № 131- ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»,статьи 1 Закона Республики Дагестан от 27 февраля 1992 г. «Об особо охраняемых природных территориях», на основании Устава муниципального образования «Унцукульский район», Собрание депутатовмуниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить Порядок отнесения земель к землям особо охраняемых территорий местного значения, их использования и охраны согласно приложению.
2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте муниципального образования «Унцукульский район».
3. Настоящее решение вступает в силу со дня официального опубликования.

**Утверждено**
**решением Собрания депутатов МР**

## «Унцукульский район»

## от 15.06.2023 г. №60

Порядок отнесения земель к землям особо охраняемых территорий местного значения, их использования и охраны

## 1.Общие положения

1.1. Настоящий Порядок регулирует отношения в области отнесения земель, расположенных на территории муниципального образования «Унцукульский район»,к землям особо охраняемых территорий местного значения, использования и охраны земель данной категории.

1.2. Настоящий Порядок разработан в целях обеспечения сохранности и улучшения уникальных и особо охраняемых природных территорий, а также находящихся на нихприродных комплексов и объектов.

1.3. Основанием отнесения земель к землям особо охраняемых территорий местного значения является особое природоохранное, научное, историко-культурное, эстетическое, рекреационное, оздоровительное и иное ценное значение, а также нахождение на данных землях природныхкомплексов и объектов, имеющих особое природоохранное, научное, историко-культурное, эстетическое, рекреационное, оздоровительное и иное ценное значение.

1.4. Решение об определении категории«земли особо охраняемых территорий местного значения» принимаетсяпредставительным органомместного самоуправления.

1.5. К землям особо охраняемых территорий местного значения (далее – земли особо охраняемых территорий) относятся:

а) эколого-этнические зоны;

б) природные достопримечательности;

в) природные рекреационные зоны, не относящиеся к особо охраняемым природным территориям регионального значения.

1.6. При принятии решений о создании особо охраняемых природных территорий учитываются:

а) значение соответствующей территории для сохранения биологического разнообразия, в том числе редких, находящихся под угрозой исчезновения и ценных в хозяйственном и научном отношении объектов растительного и животного мира и среды их обитания;

б) наличие в границах соответствующей территории участков природных ландшафтов и культурных ландшафтов, представляющих собой особую эстетическую, научную и культурную ценность;

в) наличие в границах соответствующей территории геологических, минералогических и палеонтологических объектов, представляющих собой особую научную, культурную и эстетическую ценность;

г) наличие в границах соответствующей территории уникальных природных комплексов и объектов, в том числе одиночных природных объектов, представляющих собой особую научную, культурную и эстетическую ценность.

1.7. Особо охраняемые природные территории местного значения создаются на земельных участках, находящихся в собственности муниципального образования «Унцукульский район». В случае если создаваемая особо охраняемая природная территория будет занимать более чем пять процентов от общей площади земельных участков, находящихся в собственности муниципального образования, решение о создании особо охраняемой природной территории необходимо согласовать с уполномоченным органом исполнительной власти Республики Дагестан в области охраны окружающей среды.

1.8. Земельные участки, занятые особо охраняемыми территориями местного значения, подлежат обязательной государственной регистрации в соответствии с федеральным законодательством.

**2. Порядок отнесения земель к землям особо охраняемых территорий**

2.1. Инициаторами отнесения земель к землям особо охраняемых территорий (далее – инициатор) могут быть:

а) граждане, а также юридические лица, в том числе общественные и религиозные объединения;

б) органы местного самоуправления и их должностные лица, а также органы государственной власти и их должностные лица.

2.2. Инициатива оформляется в виде письменного обращения (далее – обращение), в котором указываются:

а) обоснование необходимости отнесения земель к землям особо охраняемых территорий местного значения;

б) описание границ территории с указанием местоположения и площади земель, предполагаемых к отнесению к землям особо охраняемых территорий,кадастровые номера земельных участков, входящих в состав особо охраняемой территории;

в) карта-схема предполагаемой особо охраняемой территории местного значения;

г) этапы реализации планируемых мероприятий, направленных на придание указанным землям статуса особо охраняемых территорий местного значения;

д) сведения о собственниках, пользователях земельных участков, предлагаемых к отнесению к землям особо охраняемых территорий местного значения;

е) заключение государственной экологической экспертизы в случаях, когда ее проведение предусмотрено федеральным законодательством;

ж) предложения и рекомендации по режиму использования и охраны земель, планируемых к отнесению к землям особо охраняемых территорий местного значения;

з) допустимые виды использования земельных участков на особо охраняемой территории в соответствии с действующим законодательством; и) информация о соответствии утверждённым документам территориального планирования муниципального образования муниципального образования «Унцукульский район».

2.3. Обращение направляется инициатором в администрацию муниципального образования «Унцукульский район»(далее – администрация) для рассмотрения.2.4. Поступившее в администрацию обращение рассматривается специальной Комиссией(далее – Комиссия)для вынесения заключения.

2.5. Состав и полномочия Комиссии утверждаются постановлением администрации.2.6. Решениеоб отнесении земель, находящихся в муниципальной собственности, к категории земель особо охраняемых территорий, либо решение об отказе к указаннойкатегории утверждаетсяСобранием депутатов муниципального района «Унцукульский район»с учетом заключения, принятого Комиссией.

# «Унцукульский район»

## от 15.06.2023 г. №60

2.7. В случае отказа в принятии решения об отнесении земель к категории земель особо охраняемых территорий Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»в течение 7 календарных дней направляет мотивированное обоснование отказа инициатору обращения.

2.8. Основаниями для отказа к отнесению земель к категории особо охраняемых территорий являются случаи, когда:

а) выявлено противоречие действующему законодательству, в том числе документам территориального планирования, экологическим, градостроительным условиям использования земель и земельных участков, на которых планируется создание особо охраняемой территории; б) представлены недостоверные или неполные сведения в обращении. 2.9. Обязательным приложением к решению о создании особо охраняемой природной территории являются сведения о границах такой территории, которые должны содержать графическое описание местоположения границ такой территории, перечень координат характерных точек этих границ в системе координат, используемой для ведения Единого государственного реестра недвижимости.Форма графического описания местоположения границ особо охраняемой территории; требования к точности определения координат характерных точек границ особо охраняемой территории, формату электронного документа, содержащего указанные сведения, устанавливаются федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим функции по выработке государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере ведения Единого государственного реестра недвижимости, осуществления государственного кадастрового учета недвижимого имущества, государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним, предоставления сведений, содержащихся в Едином государственном реестре недвижимости. 2.10. Решение Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район»об отнесении земель к землям особо охраняемых территорий подлежит официальному опубликованию в порядке, предусмотренном Уставом муниципального образования «Унцукульский район». 2.11. В случае создания в границахмуниципального образования «Унцукульский район»особо охраняемой природной территории, копия соответствующего решения, утвержденного Собранием депутатов муниципального района «Унцукульский район», в течение 10 рабочих дней со дня принятия направляются в территориальное Управление Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии по Республике Дагестан.

2.12. Перевод земель или земельных участков в составе таких земель в категорию земель особо охраняемых территорий и объектов считается состоявшимся с момента внесения изменений о таком переводе в записи Единого государственного реестра прав на недвижимое имущество и сделок с ним.

### 3. Порядок использования и охраны земель особо охраняемых территорий

3.1. Земли, включенные в состав особо охраняемой территории местного значения, должны использоваться в соответствиис целевым назначением этих земель.

3.2. В границах созданной особо охраняемой территории могут предоставляться земельные участки без изменениях целевого назначения гражданам и юридическим лицам в аренду, постоянное (бессрочное) пользование,безвозмездное срочное пользование в соответствии с нормами действующего законодательства.

3.3. Распоряжение земельными участками, государственная собственность на которые не разграничена, осуществляется в соответствии с нормами действующего законодательства.

3.4. Охрана земель особо охраняемых территорий включает в себя:

а) соблюдение правового режима использования особо охраняемой территории; б) наблюдение за состоянием земель особо охраняемых территорий (мониторинг); в) контроль за использованием земель особо охраняемых территорий, в том числе муниципальный земельный контроль и общественный; г) поддержание земель особо охраняемых территорий в состоянии, соответствующем их назначению; д) осуществление природоохранных мероприятий; е) принятие и реализацию муниципальных программ использования и охраны земель особо охраняемых территорий; ж) санитарную охрану земель особо охраняемых территорий от загрязнения и захламления отходами производства и потребления.

### 4. Изменение границ особо охраняемой территории

4.1. Основаниями для изменения границ и площади земель особо охраняемой территориииявляются следующие обстоятельства:

а) часть территории объектов, для охраны которых образована особо охраняемая территория, перестала нуждаться в особой охране;

б) часть территории объектов, для охраны которых создана особо охраняемая территория, прекратила существование в результате чрезвычайных событий, неблагоприятных антропогенных воздействий, и их восстановление невозможно; в) установлены объекты в границах особо охраняемой природной территории или вне ее границ, сохранение которых невозможно без изменения режима их особой охраны; г) установлена необходимость объединения двух и более особо охраняемых природных территорий местного, регионального или федерального значенияв одну особо охраняемую природную территорию без ослабления режима особой охраны охраняемых природных комплексов и объектов.

4.2. Основанием для изменения категории особо охраняемой природной территории является несоответствие режима особой охраны, определяемого существующей категорией особо охраняемой природной территории, природоохранному, научному, культурному, эстетическому и рекреационному значению охраняемых природных комплексов и объектов.

4.3. Основанием для прекращения статуса особо охраняемой природной территории является невозможность восстановления природных комплексов и объектов, для охраны которых была создана особо охраняемая территория, прекративших существование в результате естественных причин, чрезвычайных ситуаций природного и (или) антропогенного характера, а также расположение особо охраняемой территории местного значения в границах особо охраняемой природной территории регионального илифедерального значения.

4.4. Изменение границ, площади, категории, прекращение статуса особо охраняемой природной территории регионального (местного) значения по иным основаниям не допускается.

### 5. Ответственность за правонарушения в области охраны и использования земель

5.1. Лица, виновные в совершении правонарушений при использовании земельособо охраняемой территориив границах муниципального образования «Унцукульский район», также находящихся на данных землях природных комплексов и объектов, имеющих особое природоохранное, научное, историко-культурное, эстетическое, рекреационное, оздоровительное и иное ценное значение,несут административную, гражданскую или уголовную ответственность в порядке, установленном действующим законодательством.

5.2. Привлечение лица, виновного в совершении земельных правонарушений, к уголовной или административной ответственности не освобождает его от обязанности устранить допущенные правонарушения и возместить причиненный ими вред согласно нормам гражданского законодательства.

# «Унцукульский район»

## от 15.06.2023 г. №61

### РЕШЕНИЕ

Об увековечении памяти Магомедова Магомеда Ахмедовича, погибшего в ходе специальной военной операции в Украине

В соответствии с Федеральным Законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального района «Унцукульский район», в целях увековечения памяти Магомедова Магомеда Ахмедовича, героически погибшего в ходе спецоперации на Украине и награжденного посмертно Указом Президента Российской Федерации Путина В.В. Орденом Мужества, Собрание депутатов муниципального района

### РЕШАЕТ:

1.Увековечить память Магомедова Магомеда Ахмедовича, погибшего в ходе спецоперации на Украине.

2.Присвоить детскому саду №14 «Малютка» в с.УнцукульУнцукульского района имя Магомеда Ахмедовича Магомедова.

3.Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте МО «Унцукульский район в сети Интернет.

**Председатель Собрания района**
**М.Б. Юсупов.**

**Глава муниципального района**
**И.М.Нурмагомедов.**


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 21.09.2023 г. 13.45<br>фактически -15. 30 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1002 экз. |